

Kijan ou ka ede nou ede w?

Lè Ou rele Liy Dirèk Èd pou Sipò Timoun oswa ou vizite Biwo lokal w pou Sipò Timoun ou pou aplike pou sèvis, mete w pare pou bay otan de enfòmasyon kapab sou tèt ou, timoun nan (yo), ak paran ki pa gadyen legal.

Tanpri bay otan de enfòmasyon ke posib, enkli paran ki pa gadyen legal la:

- Non konplè ak dat nesans.
- Adrès aktyèl oswa dènye adrès ou te ye ak nimewo telefòn.
- Adrès travay aktyèl oswa dènye adrès travay ou te ye ak nimewo telefòn.
- Nimewo Sekirite Sosyal (chèche nan ansyen souch chèk, oswa dosye taks, militè oswa medikal).
- Enfòmasyon sou revni (dosye taks, souch chèk, bank ak dosye biznis).
- Enfòmasyon sou pwoteksyon asirans sante.

Tanpri bay lòt enfòmasyon enpòtan tankou:

- Batistè timoun nan.
- Rekonesans patènite oswa òdonans afilyasyon.
- Lisans marjyaj ou.
- Dekrè divòs ou oswa akò separasyon.
- Nenpòt òdonans sipò timoun ke ou te deja genyen.
- Enfòmasyon sou revni w (dosye taks, souch chèk, labank).
- Enfòmasyon sou depans ki gen rapò a pitit ou ak bezwen timoun nan.
- Enfòmasyon sou pwoteksyon asirans sante ki disponib pou ou.

Kijan pou kontakte nou?

Pou enfòmasyon jeneral osijè pwogram Sipò Timoun nan vizite sitwèb sipò timoun Eta New York nan childsupport.ny.gov oswa rele 888-208-4485 (TTY 866-875-9975). Ou ka jwenn aplikasyon pou sèvis sipò timoun sou sitwèb la, oswa nan biwo lokal pou Sipò Timoun.



Sèvis Sipò Timoun

childsupport.ny.gov

888-208-4485 (TTY 866-875-9975)



Office of Temporary and Disability Assistance

otda.ny.gov

Pub-1950 HA (Rev. 08/15)

Chak timoun gen dwa pou l jwenn sipò nan men toulède paran yo



Pwogram Ranfòsman Sipò Timoun nan Eta New York ka travay avèk ou pou:

- Etabli patènite legal pou yon timoun.
- Jwenn yon paran ki pa gadyen.
- Jwenn yon òdonans tribinal nan tribinal pou yon timoun, enkli dispozisyon pou pwoteksyon swen sante, ansanm avèk depans pou edikasyon.
- Kolekte peman sipò pou timoun nan men yon paran ki pa gadyen.
- Pran aksyon lè yo pa peye lajan sipò pou timoun nan.
- Revize òdonans sipò w pou ogmante sipò baze sou ajisteman depans lavi.
- Ede nan ranpli yon petisyon pou modifikasyon.
- Pran nenpòt nan aksyon sa yo atravè liy eta.

Kimoun ki kalifye pou sèvis yo?

Nenpòt paran, gadyen oswa moun kap pran swen yon timoun ki anba laj 21 ane pou timoun sa sipò a nesèsè.

Si ou te aplike oswa wap resevwa asistans piblik pou yon timoun, yo bay sèvis sipò timoun otomatikman sof si chèche sèvis sipò timoun ka lakoz danje fizik oswa emosyonèl pou oumenm oswa pitit ou.

Kisa sèvis sipò timoun ye?

Depi ou aplike, sèvis ki annaprè yo disponib nan pwogram nou an. Sèvis sa yo disponib keseswa paran ki pa gadyen an ap viv nan Eta New York. Yap chaje w yon frè sèvis anyèl \$25 dola, si ou pat janm resevwa Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan bezwen [Temporary Assistance for Needy Families (TANF)] e pwogram sipò timoun nan ap kolekte omwen \$500 pou ou pandan ane fiskal federal la (ki kòmanse tye oktòb chak ane).

Detèminasyon Patènite

Si nesèsè, nap ede w etabli patènite legal swa pa rekonesans volontè, oswa atravè tribinal famiyal lè ou depoze yon petisyon pou etabli patènite. Nou fè aranjman tou pou tès ADN pou ede detèmine patènite.

Lokasyon Paran ki pa Gadyen an

Yo itilize òdinatè ak rechèch lokal pou jwenn paran ki pa gadyen an, si ou pa konnen kote li abite oswa travay.

Etablisman Sipò

Pou w jwenn sipò timoun ke ou gen dwa, ou bezwen yon òdonans nan men yon tribinal. Nap ede w depoze yon petisyon nan tribinal famiyal pou jwenn yon òdonans sipò ki baze sou direktiv sipò timoun ki annaprè a.

Pousantaj

Kalkil obligasyon peman sipò debaz timoun nan ke paran ki pa gadyen an gen pou peye kòmanse avèk yon pousantaj fiks sou revni konbine paran yo, baze sou konbyen timoun kap kouvri nan òdonans lan.

1 timoun	17%
2 timoun	25%
3 timoun	29%
4 timoun	31%
5 oswa plis	omwen 35%

Revni yon paran pou sipò timoun ap redwi dapre sèten taks sekirite sosyal lokal ak federal. Revni ki itilize pou kalkil la gen ladann konpansasyon travayè, peman pou andikap, benefis chomaj, ansanm avèk lòt fòm revni. Direktiv pousantaj la ki aplike nan preske tout revni jiska \$141,000 (nan 2014). "Barèm" sa revize chak dezan (pou gade "barèm" kantite lajan ane aktyèl la vizite childsupport.ny.gov).

Lòt Kantite Lajan

Anplis de pousantaj kantite lajan, tribinal la dwe ogmante obligasyon sipò pou timoun pou kouvri nenpòt pwochen depans rezonab pou swen sante ke asirans lan pa kouvri. Tribinal la ka ogmante tou obligasyon pou kouvri depans rezonab pou swen timoun si paran gadyen an ap travay, lekòl, oswa nan yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl. Anplis, tribinal la ka ogmante obligasyon pou kouvri depans edikasyon rezonab pou timoun nan.

Koleksyon Sipò

Tribinal la ap òdone paran ki pa gadyen an pou peye pou sipò timoun lan nan Inite Koleksyon Sipò (SCU). SCU ap kenbe dosye tout peman epi voye l bay paran gadyen an. Paran yo ka jwenn enfòmasyon sou peman lè yo itilize nimewo idantifikasyon pèsònèl yo (PIN) lè yo vizite sitwèb sipò timoun Eta New York nan childsupport.ny.gov oswa rele 888-208-4485. Si ou pa gen yon PIN, tanpri rele 888-208-4485 (TTY 866-875-9975).

Ranfòsman Sipò— Administratif

SCU ap voye yon òdonans pou kenbe renvi bay travay paran ki pa gadyen an mande pou travay la voye peman an jan òdonans tribinal la mande l. Si peman yo anreta, SCU ka kolekte lajan ki pa peye a lè yo sezi ranbousman taks, lajan lotri, ak kont labank, lè yo sispann lisans chofè, refize emèt paspò, epi enfòmè ajans kap rapòte kredi yo sou lajan sipò timoun ki pa peye. SCU ka refere ka egalman bay Depatman Taks ak Finans Eta New York pou koleksyon.

Ranfòsman Sipò — Tribinal

Lè ranfòsman administratif pa reyisi, SCU ka ede w depoze yon petisyon vyolasyon nan tribinal famiyal. Pou ranfòse sipò timoun, tribinal la òdone jijman lajan; òdone ke odyans fèt pou sispann lisans biznis ke eta te emèt, pwofesyonèl, rekreyasyon oswa okipasyonèl; oswa emèt yon santans pwobasyon oswa prizon.

Benefis Asirans Sante Etablisman ak Ranfòsman

Pitit ou legalman gen dwa a pwoteksyon asirans sante, si li disponib nan men nenpòt paran. Nap ede w depoze yon petisyon nan tribinal famiyal pou jwenn pwoteksyon sa si li disponib atravè travay paran ki pa gadyen an.

Revizyon ak Ajisteman

SCU ka revize detanzantan òdonans sipò pou detèmine si yon ajisteman nan depans lavi a nan kantite lajan sipò timoun nan apwopriye.

Modifikasyon

SCU ka ede w depoze yon petisyon pou modifiye òdonans sipò timoun ou baze sou chanjman enpòtan nan sikonstans yo, yon pasaj twazan nan tan, oswa 15% oswa plis chanjman nan revni nenpòt paran.

Sèvis Legal

SCU ka ede w depoze yon petisyon pou modifiye òdonans sipò timoun ou baze sou yon chanjman nan gadyen oswa pèt travay nenpòt paran oswa enkapasite pou travay.

